- Mahasiswa : "Saya itu Beji bu".
- Bu Ropik : "Oh Beji".
- Mahasiswa : "Ya ini tugas bu buat prasyarat biar bisa ikut ujian".
- Pak Putut : "Sampean tulis aja".
- Mahasiswa : "Iya ini sudah pak. Punya cucu bu?".
- Bu Ropik : "Cucu belum, masih joko sama yang kedua itu perawan. Dah kerja yng di Indomart".
- Mahasiswa : "Suaminya ibu kerja apa?".
- Bu Ropik : "Gak kerja (haha). Di rumah ya bantu-bantu".
- Mahasiswa : "Sebelum ada kejain ya buka warung ini bu?".
- Bu Ropik : "Iya".
- Mahasiswa : "Sebelah sini ada berapa desa bu?".
- Bu Ropik : "Reno, nopo mawon? Sengon, Balong nongo".
- Pak Putut : "4 desa".

- Bu Ropik : "Pinten? 4 desa".
- Pak Putut : "Siring".
- Bu Ropik : "Jati rejo, Reno, 4".
- Pak Putut : "Ketapang itu lain kecamatan".
- Bu Ropik : "Loh Ketapang niku mboten tumut Porong t? tumut".
- Pak Putut : "Tanggulangi".
- Bu Ropik : "Oh Tanggulangi t? hmm.. enggeh".
- Pak Putut : "Kali tengah".
- Bu Ropik : "Bendo niku Tanggulangi berarti".
- Pak Putut : "Kedung Bendo tanggulangi".
- Bu Ropik : "Enggeh Tanggulangi lek ngoten nggeh ya".
- Pak Putut : "Tanggulangi".
- Mahasiswa : "Sumbere niku deso nopo bu?".
- Bu Ropik : "Reno".
- Mahasiswa : "Niku bocor dibor nopo yok nopo?".
- Bu Ropik : "Dibor".
- Mahasiswa : "Dibor terus kena pipa gitu t bu?".
- Bu Ropik : "Ndak, ndak kena pipa. Ya langsung timbul luapan itu lumpur itu. Langsung meluap melebar kemana-mana".
- Mahasiswa : "Itu faktor alam bu? Bukan faktor lain?".
- Pak Putut : "Karena faktor alam itu".
- Bu Ropik : "Alam".
- Pak Putut : "Bukan sengaja".
- Mahasiswa : "Iya, saya kan gak tahu makanya tanya. Dengernya itu dibor terus kena pipa".
- Bu Ropik : "Oh ndak".
- Pak Putut : "Dibor 3km lebih".

Bu Ropik : "Ya kejeron, terlalu dalam. Kan ijine niko damel anu, damel peternakan. Bukan ijin damel pengeboran Cak Main niku. Adine bu Lurah niku".

Pak Putut : "250".

Bu Ropik : "Niko nggeh, sek menangi katah (hahaha). Pertama niko cicilane sek nopo sek katah pertama niko. Barang sak niki 2 tahun niki mboten cicilan blas niki. Lebih malahan 2 tahun lebih, cicilane mboten dicicil blas. Kok niate dicicil niko nggeh insya allah lunas. Kantuno kedik. Kan ne'e 2 tahun kan 15 peng 3, maringoten 10, turun lagi 5, 5 tambah mengoten 3 bulan, 5 bulan kaet dicairi gak cair".

Mahasiswa : "Dihargai berapa bu? Untuk rumah untuk tanah dihargai berapa?".

Bu Ropik : "Kalau rumah 2,5 kalau tanah 1 juta per meter".

Pak Putut : "Nggeh 2,5".

Bu Ropik : "Nek tanah 1 juta. Kalau tingkat 4 juta".

Mahasiswa : "Kok gak mau pindah gak takut bu? Kalau malem mungkin kan sekarang musim hujan".

Bu Ropik : "Ya agak-agak takut kalau hujan angin (hahaha)".

Pak Putut : "Ya saya yang jaga tap malem".

Bu Ropik : "(hahaha) jadi gak pernah tidur kalau malem jaga terus (hahaha)".

Mahasiswa : "Ya ada yang jaga, kalau yang lain tidur gimana pak banguninnya? Gak ada kentongan".

Pak Putut : "Ya pakek masjid, kan ini sebelah sana. Tinggal lari ke situ aja".

Mahasiswa : "Tapi ini sudah dibeli semua?".

Bu Ropik : "Ya, tinggal belum dilunasi. Tapi 5 RT yang kena itu 5 RT. Gak semua".

Mahasiswa : "Sampai mana bu?".

Bu Ropik : "Sampai pavingan tadi loh. Yang sebelah sana ndak, yang sini tok".

Mahasiswa : "Berarti yang sana gak dapet ganti rugi bu? Kan kalau bocor juga kena bu".

Bu Ropik : ”Ndak, ndak terdampak itu. Malah meriki mboten angsal jaduk, mboten angsal meriki. Maringoten mboten angsal kontrak, kontrak niku ae seng metu pertama niku kulo tiang gangsal be’e. uang kotrak seng medal. Kulo, mbak Rin, Alima, nang sinten ngeten kan belenjat-belenjat, mboten angsal sedoyo seng 2,5 niku. Kan langsung ditransfer teng BRI niku. Seng liyan-liyane mboten enten, mek kedik. Sampe teng semeriki mboten wonten anuan maneng. Malah sakniki seng kantong-kantun jaduk angsal. Besuk barang angsal nggeh a. Kan tiap bulan per kepala 300, Reno barang. Sampean niko sek angsal nggeh”.

Pak Putut : “Kulo nggeh”.

Bu Ropik : ”Nggeh menangi angsal, meriki seng mboten angsal”.

Mahasiswa : “Pembayarane yok nopo niku bu?”.

Bu Ropik : ”Transfer”.

Mahasiswa : “Damel nomer rekening sampean”.

Bu Ropik : ”He’em”.

Mahasiswa : “Sedoyo?”.

Bu Ropik : ”Sedoyo. Dulu bank Mandiri, sekarang ganti bank BRI”.

Mahasiswa : “Nggeh enak langsung ngoten bu, dadi mboten dipotong male”.

Pak Putut : “Nggeh, tapi kosong terus (hahaha)”.

Bu Ropik : ”Caire ngoten kate gak kosong”.

Mahasiswa : “Caire mboten tentu masalahe”.

Bu Ropik : ”Nggeh”.

Pak Putut : “Ini orang-orang demo habis 5 juta 1 KK, demo habis 5 juta keluarnya 5 juta. Ya sama aja kosong”.

Mahasiswa : “Seng bayar niki sinten bu? Lapindo nopo BPLS?”.

Bu Ropik : ”Lapindo, Bakrie niku. Makane bulan niki kan nek mboten wonten keputusan, tanggal 17 niku berangkat ke Jakarta lagi katanya. Berangkat ke sana minta dialihkan ke pemerintah APBN, kan APBN kan sedoyo niki langsung lunas sedoyo. Lah meriki ngenteni seng alit

karangane kedit nggeh angsal mek kedik, kate'o uange dicicil. Biaya sekolah, mangan, dadine uang itu habis untuk biaya sekolah, biaya ini habis. Kasihan kan yang gak punya rumah, pokok uang 20 gak bisa beli rumah gak bisa beli tanah. 80nya habis gak ada, gak bisa beli rumah. Kan saiki kan tanah kan mahal”.

Mahasiswa : “Nggeh”.

Bu Ropik : ”Wong riyen kulo niko ae tanah beli di Sidoarjo niku per metere 300, sekarang 1 juta”.

Mahasiswa : “Terus nasib pengungsi-pengungsi itu gimana bu?”.

Bu Ropik : ”Niki seng ngate ngungsi sampean tanggleti. Pengungsi niko”.

Pak Putut : “Teng pasar (hahaha)”.

Bu Ropik : ”Tumut sampean niko?”.

Pak Putut : “Enggeh, tapi anu diluk”.

Bu Ropik : ”Medal be'e sampean, medal teng meriki. Mboten keradu (hahaha) wong gene koyok ngoten e”.

Mahasiswa : “Lah yok nopo jenenge pengungsi nggeh”.

Bu Ropik : ”Angsal jatah-jatah nggeh angsal segoe nggeh kuasar nggeh a, nggeh cumae tetep buah disukai”.

Pak Putut : “Nggeh jenenge pengungsi (haha), yang penting kan makan ya”.

Bu Ropik : ”Niko ngungsi niko kan cash keru niko ya, nedu cash niko tambah dicicil keru (hahaha) gak dadi dandan”.

Pak Putut : “Nggah lapindone niko”.

Mahasiswa : “Lah seng niko-niku sami bu? 2,5 juta per meter?”.

Bu Ropik : ”Nggeh sami, cumane kan lek pembayarane kan langsung cash. Sama harga sama, tapi kalo sawah kan murah 120 per meter”.

Mahasiswa : “Kalo pemerintah?”.

Bu Ropik : ”Iya, masih pemerintah, Bakrie ya sama 120 per meter”.

Pak Putut : “Cuma lunas”.

Bu Ropik : ”Lunas, langsung cash”.

- Pak Putut : “Kalau ini sawah belum dibayar”.
- Bu Ropik : ”Kalau ini seng kelelep-kelelep ini ya belum”.
- Mahasiswa : “Loh berarti enak yang nasib gak kelelep bu”.
- Bu Ropik : ”Lah yo makane itu”.
- Pak Putut : “Belum dibayar, apalagi pabrik”.
- Bu Ropik : ”Pabrik itu belum dibayar. Nami’e teng tv she niku. Terose kudu pemerintah sudah menyediakan uang piro yo 800 milyar ngeten a”.
- Mahasiswa : “Niku utange Bakrie 700 pinten ngoten seng dereng dilunasi”.
- Bu Ropik : ”Nggeh seng durung di lunasi, meh 800an ancene”.
- Mahasiswa : “Nggeh seng dereng lunas niku”.
- Bu Ropik : ”Lah nggeh terose, kari mek titik kocik iwune (hahaha) lah nggeh”.
- Mahasiswa : “Tanggul niki pinten tahun bu umure?”.
- Bu Ropik : ”Seng niki, enten lek 5 tahun lebih 6 tahun paleng”.
- Mahasiswa : “Niki?”.
- Bu Ropik : ”Enggeh, enten a 6 tahun?”.
- Pak Putut : “Lebih”.
- Bu Ropik : ”Enggeh lebih”.
- Mahasiswa : “Niki tanggul paten? Mboten nate jebol bu?”.
- Bu Ropik : ”Paten. Nate, lah amber meriki kulo sampek kulo boyongi ngeten. Maringono oleh 2 dino asat, bualek maneng. Gopoh keluarga merene podo gowo montor”.
- Pak Putut : “Nggeh, tapi niki sampun pondasi”.
- Mahasiswa : “Tapi seng duwur dereng niku”.
- Pak Putut : “Tebel tapine niku”.
- Bu Ropik : ”Tebel niku, saget simpangan ngeten saget”.
- Mahasiswa : “Jebole niko nopo’o bu? Udan niku mboten?”.
- Bu Ropik : ”Nggeh, kan niku saget rengko”.
- Mahasiswa : “Yok nopo nasibe seng tenggelam niku?”.
- Bu Ropik : ”Nggehpun gada ngeriyo sedoyo”.

Pak Putut : “Enten seng nyicil niku maeng (hahaha). Otomatis sertifikat dipegang bank”.

Mahasiswa : “Seng mboten wonten sertifikate yok nopo pak?”.

Bu Ropik : ”Nek seng teng meriki seh mboten sertifikat. Nopo seng leter c? pun lunas, adik kulo niku mboten sertifikat. Nggeh malahan mundut perumahan kahuripan, mendet teng meriku langsung cash niku adik kulo. Malahan terose teng meriki seng sertifikat malahan seng diriyenaken, malah seng mboten sertifikat seng riyen seng lunas. Seng leter c seng lunas”.

Mahasiswa : “Nopo’o terose kok leter c seng rumiyen?”.

Bu Ropik : ”Duko (haha). Ngoten niku sistime tiang dukur mawon a ngoten-ngoten niku”.

Mahasiswa : “Ben oleh bati”.

Bu Ropik : ”Lah nggeh”.

Mahasiswa : “Jebol niku banjir nggeh lek jebol”.

Bu Ropik : ”Nggeh, kan langsung niku kan aire keluar semua”.

Mahasiswa : “Sak pundi bu?”.

Bu Ropik : ”Tapi mek segini langsung bego ndugi. Kale lumpur campur”.

Mahasiswa : “Berapa hari untuk bersihkan itu bu?”.

Bu Ropik : ”Gak tahu (hahaha) lupa”.

Mahasiswa : “Tahun berapa itu bu? Yang jebol”.

Bu Ropik : ”Suwe niku, lupa gak anu gak ngelikuri. Malahan nate pipo mbeledos niko. Sampean teng meriki a pipo mbeledos niko?”.

Pak Putut : “Kulo teng Reno”.

Bu Ropik : ”Loh sampean sek teng Reno pipo mbeledos koyok ngonten niko”.

Pak Putut : “Enggeh, tanggule Balong nongo”.

Bu Ropik : ”Nggeh tanggul nganu niku. Waduh niko koyok beras di inter niku (hahaha). Lah podo ngonten, lah niku geni seh munclak-munclak ngonten koyok dadose pingir teng meriki niku”.

- Pak Putut : “Nggeh Reno sek enten”.
- Bu Ropik : ”Sampean sek wonten niko? Kadose kene Sengon koyoke niko seng munclak-munclak niko”.
- Pak Putut : “Balong nongo”.
- Bu Ropik : ”Kulo niko gadah yugo alit niko sik’an. Ngeh sek dereng anu”.
- Mahasiswa : “2008 kalo gak 2009 pipo mbeledos niku?”.
- Bu Ropik : ”Loh mboten sampak paleng. Wong yugo kulo niku umur 2006, 2007an paleng wong dereng melampa sek alit wong kulo gendong niku. 2006 niku banjire, paleng 2008 eh 2007”.
- Mahasiswa : “2007?”.
- Bu Ropik : ”Enggeh 2007”.
- Mahasiswa : “Enggeh sumbere niku seng mbledos?”.
- Bu Ropik : ”Mboten, pipoe nopo jenenge?”.
- Pak Putut : “Pipo gas”.
- Mahasiswa : “Pertamina?”.
- Bu Ropik : ”Pertamina”.
- Mahasiswa : “Dede sumbere niku?”.
- Bu Ropik : ”Dede. Seje maleh niku. Enten pipoe maleh niku, malah enten”.
- Mahasiswa : “Dugi ngeriwo nggeh ketingal”.
- Bu Ropik : ”Ketinggal morop niko?”.
- Mahasiswa : “Nggeh”.
- Bu Ropik : ”Lah meriko morop, meriko morop. Lek keluarga kulo ndugi wetan nyusul meriki, meriko nyusul pisan, dadine bingung sampa’an”.
- Mahasiswa : “Mbeledos peng pinten?”.
- Bu Ropik : ”Setunggal, pisan tok niko. Kan meriko morop, meriko nggeh morop seng dukur niko. Seng permisan kan enten seng lampu dukur morop”.
- Pak Putut : “Tembusan”.
- Bu Ropik : ”Nggeh tembusan”.
- Mahasiswa : “Terus yang disumpet kali bal beton niku mboten saget?”.

- Pak Putut : “Mboten saget. Enggeh bolong paleng jerone (hahaha)”.
- Mahasiswa : “Pinten tahun mulai dari 2006?”.
- Bu Ropik : ”Sakniki 2014, 8 tahun lebih pun. Kulo ngada bayi niku. Malah lapindo jebrol kulo bayi angsal eh lapindo oleh seminggu kulo ngelahiraken. Adine anak kulo seng alit dewe niku umure lapindo niku. Seng Iqbal niku (haha)”.
- Mahasiswa : “Umure lapindo?”.
- Bu Ropik : ”Nggeh. Lapindo kan tanggal 29 bulan 5, kulo tanggal 6 2006 bulane 6”.
- Pak Putut : “Bareng”.
- Bu Ropik : ”Nggeh, seng alit niku. Apale gampang dadine apale (hahaha)”.
- Mahasiswa : “Tapi dereng di tanggul niki bu?”.
- Bu Ropik : ”Dereng. Tasek beluber teng Jati rejo. Dereng di tanggul tasik’an niko seng melebet teng embong-embong niko”.
- Mahasiswa : “Tanggul niki angsal berapa tahun?”.
- Bu Ropik : ”Suwepun, angsal 5 tahunan pun”.
- Mahasiswa : “Jadi angsal 3 tahun cepet teng meriki nggeh. Pemerintah-pemerintah teng meriki ngasih sosialisasi bahaya-bahaya mboten wonten?”.
- Bu Ropik : ”Riyen niku diukur-ukur perbatasan tanggul niku teng meriki riyen. Nggeh di bongkar bu, waduh ngale nandi (hahaha). Lah maringoten delala kulo pas teng Reno, lah maringoten montor bego di kidule wak Kasan niku loh, diterjang mawon dugi kidul niku. Guopoh gian, lah yok ose gak ngekei abah-abah moro barengan mobil seng ndugi kedul. Tiang-tiang langsung medal sedoyo. Lah yok opo. Nami’ekan sebelah niku tanah kosong diliwati tok lah be’aken sak omah-omahe langsung dibongkar (hahaha). Dadi wong-wong ruame, lah montor sak bego montor sorokin dugi langsung niku. Ternyatae teng kulon meriku tanggule”.
- Pak Putut : “Januari rencanae”.

- Bu Ropik : "Enggeh, sampean niko mboten sedoyo terose bertahap, kirangan male. Sampai 4 bulan terose."
- Pak Putut : "4 bulan?"
- Bu Ropik : "Terose, kepirenge kulo terose kirangan male (hahaha). Bertahap niku maksude 1 bulan wong pinten, 1 bulan wong pinten ngonten wong paleng. Mboten langsung seluruh ngoten".
- Mahasiswa : "Per bulane pinten?"
- Bu Ropik : "Duko, pun lunas paleng. Kan pelunasan niku, wayahe pelunasan niko 2012 sampai 2015 ngeten kajinge mben. Berusut-berusut 3 tahun bukan 3 bulan wong 3 tahun eh".
- Mahasiswa : "Lunas sampean langsung pindah mboten".
- Bu Ropik : "Mboten rupane (hahaha) wong sek kerasan, masi dilunasi wong asale ngalah ae di iwu-iwu ae wong-wong. Kan sak aken seng dereng gada geriyo-geriyo ngoten kan. Katah seng dereng gada".
- Mahasiswa : "Ibu emang asli sini mulai lahir?"
- Bu Ropik : "Mboten, lain desa, desa sebelah. Kate pindah koyok kerasan koyok gak kerasan. Katah tiang pendatang ancene, wong lek meriko niku katah. Kapan bu digeni? Wong kene nyambut gawe sek lancar".
- Mahasiswa : "Geriyane seng anu kanton goni tok niku?"
- Bu Ropik : "Nggeh, pun siap meriko pun. Cuma dereng, kan nyego kulo seng kerjo niko lek udan niku mantun teng meriko".
- Mahasiswa : "Teng pundi niku bu?"
- Bu Ropik : "Grati babat, kilene kahuripan, semerap? Gor".
- Mahasiswa : "Gor Sidoarjo?"
- Bu Ropik : "Nggeh, ngilen".
- Mahasiswa : "Perumahan nopo?"
- Bu Ropik : "Mboten, pemukiman".
- Mahasiswa : "Tiang-tiang korban niki katah teng pundi bu?"

Bu Ropik : "Karang tanjung, Patuk nang Cabean. Nggeh niku kan katah seng mendet perumahan kan nyicil lah be'e mboten wanten cairan kan mboten saget nyicil seh. Rupane abane kedendo-dendo ngeten abane nggeh an, kepireng. Malah enten seng setres lah kirange kedit dendoe sak mono tambahan".

Mahasiswa : "Lare-lare sekolah yok nopo bu?".

Bu Ropik : "Nggeh mboten nopo-nopo".

Mahasiswa : "Pindahe mboten dipersulit?".

Pak Putut : "Mboten".

Mahasiswa : "Berapa pak?".

Pak Putut : "Katah, 4 desa nggeh katah 4 kecamatan".

Mahasiswa : "Gak usah repot-repot bu".

Bu Ropik : "hahaha".

Mahasiswa : "Desa Mindi niku nggeh wonten ganti rugine pak?".

Pak Putut : "Nggeh, sami. Kan pun lunas dari pemerintah niku".

Bu Ropik : "Mindi eh niki Jarakan, pun lunas. Enten seng kesero-kesero nggeh dereng? Seng bermasalah koyok".

Mahasiswa : "Bermasalah yok nopo?".

Bu Ropik : "Surat-surate niku bermasalah. Koyok keluarga gak gelem tanda tangan kan enten seng nakal-nakal ngoten nggeh mangkrak".

Mahasiswa : "Pengen larang karepe?".

Bu Ropik : "Nggeh, lapangan niko seng Babatan, nggeh lurahe kan ngandang niku lurahe Babatan niku. Palsu surat ngoten terose".

Mahasiswa : "Yang di ikutkan pemerintah iku mulai tahun berapa bu? Yang ikut APBN".

Pak Putut : "2012 eh ya".

Bu Ropik : "Lebih, dereng be'e 2011 niku paleng. Sakniki sek angsal anu 2011".

Pak Putut : "Eh 2012".

Bu Ropik : "2012? Dadi angsal 2 tahun lek ngoten. Koyok sektas".

- Pak Putut : “Niki konco kulo niku”.
- Bu Ropik : ”Oh.. wak Seruntul niku a. mbak sinten?”.
- Pak Putut : “Mbak Tima”.
- Mahasiswa : “Lah sek kilene jalan raya niku yoknopo bu?”.
- Bu Ropik : ”Nganu niku pundi seh, Gedang”.
- Mahasiswa : “Nggeh”.
- Bu Ropik : ”Niku chas niku”.
- Pak Putut : “Weringin”.
- Bu Ropik : ”Nggeh, niku chas niku. Wong rencanae pasar Porong niku pindah ngilen”.
- Mahasiswa : “Pindah teng pundi ngilen?”.
- Bu Ropik : ”Nganu, Ngajuk. Nggeh a? sekolahan barang pindah teng meriku”.
- Mahasiswa : “Pembayarane seng teng meriku cash?”.
- Bu Ropik : ”Cash”.
- Mahasiswa : “Nggeh mboten diangsur-angsur?”.
- Bu Ropik : ”2 kali. 20 sama 80”.
- Mahasiswa : “Tapi harganya sama bu?”.
- Bu Ropik : ”Sama”.
- Pak Putut : “Sama, pembayarannya suportif”.
- Bu Ropik : ”Iyakan APBN, sinikan ikut lapindo Bakrie niku”.
- Pak Putut : “Susah Bakrie”.
- Bu Ropik : ”(hahaha) wong perdebatan terus golkar niku teng tv. Kajinge niku penghianat (hahaha)”.
- Pak Putut : “Sampean unjuk”.
- Mahasiswa : “Enggeh”.
- Bu Ropik : ”Sampean unjuk age”.
- Mahasiswa : “Enggeh. Teng dalan meriku katah polisi kali tentara”.
- Bu Ropik : ”Nggeh jogo teng tanggul Mindi niki, Jarakan masjid nang meriku pundi seh meriku?”.

- Pak Putut : “Kali tengah”.
- Bu Ropik : ”Nggeh Kali tengah”.
- Mahasiswa : “Nopo’o kok dijogo bu?”.
- Bu Ropik : ”Lah ngawal seng kerjo, lah mboten dikawal polisi lak mboten angsal kerjo kan kajenge banjir meriku. Ini umure lapindo (hahaha) ini alit niki”.
- Mahasiswa : “Niki mboten dicetokin kan di Gembol sari niku dilarang membongkar bangunan ini?”.
- Bu Ropik : ”Oh.. mboten”.
- Mahasiswa : “Nopo’o?”
- Bu Ropik : ”Kirangan”.
- Pak Putut : “Mboten angsal dibongkar niku soale mboten ditumbas kale seng duwe”.
- Bu Ropik : ”Dilelang terose”.
- Pak Putut : “Niku BPLS”.
- Mahasiswa : “Seng gada BPLS?”.
- Pak Putut : “Enggeh”.
- Mahasiswa : “kan griyane warga niku pak?”
- Pak Putut : “Di beli sekalian rumahnya “.
- Mahasiswa : “Oh sampun dibayar ngonten ta pak?”.
- Pak Putut : “Iya dibayar, tapi yang punya rumah kalau mau dibeli boleh, seharga berapa persen, terus niku umpamane keduwe BPLS, kulo tumbas male seharga berapa persen”.
- Mahasiswa : “Ehmmm dadi seng ditulisi niku dereng dibayar, dereng ditunbas “.male ngonten ta pak?”.
- Pak Putut : “Enggeh, mboten ditumbas soale pun elek kropos, lek seng sae a sek warden di tumbas”.
- Mahasiswa : “Niku diprotoli nggeh gentenge”.
- Pak Putut : “Lah niku ae lek nggriyane niku wau di bongkar masalah”.

- Mahasiswa : “Ehmmmm”.
- Pak Putut : “Lek seng enten tulisane niku”.
- Mahasiswa : “Sing sebelah kiri wonten, seng sebelah kanan”.
- Pak Putut : “Lah niku dibayar male kale seng gadah griya ditumbas maleh”.
- Mahasiswa : “Dadi nikupun ditumbas bpls sedoyo pak, daerah niku, gempolsari niku enggeh”.
- Pak Putut : “Enggeh lek griyane sai seng gadah seneng nggeh ditumbas maleh nggehan bepara persen kan didol, kan masih untung”.
- Mahasiswa : “Lek sing kiri kata sing bongkaran lah sing kanan katah sing mbangun maleh”.
- Pak Putut : “Wooo niku dereng, dereng kengen,...perbatasan aspal”.
- Mahasiswa : “Maksute dereng kengeng nopo”.
- Pak Putut : “Lek seng kiri pun kengen damapak, lek sing mriki dereng”.
- Mahasiswa : “Dadi mboten enten ganti rugi sing sebelah niku nggeh”.
- Pak Putut : “Mriki ta? Mboten”.
- Mahasiswa : “Kan niku tanggule kadang jebolan”.
- Pak Putut : “Sing kritis niku pundi ketapang, magkane nggeh di jogo terus”.
- Mahasiswa : “Lah mriki koq mboten onten sing jogo tentara kan niki enggeh cedek-e tanggul, sek wonten wargae ngonten”.
- Pak Putut : “Aman, lek mriko sing rawan mulai pertama sing rawan nggeh mriko”.
- Mahasiswa : “Kan nateh banjer mboten wonten persipan, atau wedi ngonten bu”.
- Pak Putut : “Wedi, nggeh wedi, kados niki ngonten niki barange sampun dipindah sedoyo kanton mlayu tok”.
- Mahasiswa : “Sing bingung kan barange”.
- Pak Putut : “nggeh barange. Barange pun dipindah, kanton mlayu wonge tok”.
- Mahasiswa : “tapi kok tetp bertahan nopoo pak”.
- Pak Putut : “lah niku mboten nggadah griyo, nngadah pndsi tok dadi duwekke mboten medal dadi mboten diterusno, lek yugani titik saget, lek

yugane katah bingung dadine pondasi tok. Koncokulo niku angsal nggeh ngonten pojok-e ditanduri pring sekawan damel cagak-e engken nduwure dikek-I payupan”.

Mahasiswa : “Dinggonipun?”.

Pak Putut : “Enggeh, lah mboten enten male gag dinggoni yok nopo”.

Mahasiswa : “Tingginya tanggul semua sama pak?”.

Pak Putut : “Sama”.

Mahasiswa : “Tapi kok yang di Gempol sari itu jebol sama banjir pak?”.

Pak Putut : “Itu tanahnya yang gampang turun”.



Narasumber : Bu Sumani (Ibu Rumah Tangga)

Mahasiswa : "kenapa kok belum pindah bu?"

Bu Sumani : "kajenge pindah nggeh niki".

Mahasiswa : "kajenge pindah teng pundi bu?"

Bu Sumani : "teng mriko keramean ngilen, tanggulangen niku ngilen".

Mahasiswa : "asli warga sini bu?"

Bu Sumani : "enggeh asli risen desa Glagaharum".

Mahasiswa : "suaminya juga asli mriki bu?"

Bu Sumani : "niku Krembung, kulo asli mriki".

Mahasiswa : "di sini dapet ganti rugi bu?"

Bu Sumani : "enggeh angsal, oleh titik omahe cilik ancene, oleh 150 be.e iko gawe omah tok".

Mahasiswa : "niku itungane per meter bu?"

Bu Sumani : "per metere niku 2,5 juta sak bangunane tanahe 1 juta bangunane 1,5 juta dadine ,5 juta".

Mahasiswa : "anaknya berapa bu?"

Bu Sumani : "2, si kecil sama pun SMP kelas 3".

Mahasiswa : "teng pundi sekolahnya bu?"

Bu Sumani : "Islamiya taanguangen, pingger kali loh".

Mahasiswa : "jauh sekolahnya bu".

Bu Sumani : "adoh, kene wes gak onok kene lumpur".

Mahasiswa : "awalnya sekolah teng mriku nopo pindahan bu?"

Bu Sumani : "yo mari SD mriki langsung ngelanjutno SMP dek kono Islamiya, SDne dek kene risen Glaga. Kelas 3 ben iku lulus kate SMA ben iki wes".

Mahasiswa : "kondisi air di sini bagaimana bu?"

Bu Sumani : "nggeh tumbas".

Mahasiswa : "sak curigen pinten bu?"

- Bu Sumani : "2 ribu".
- Mahasiswa : "buat apa aja bu".
- Bu Sumani : "gawe masak be.e tendon kencenge tanggul iko gawe ados, ambu minyak".
- Mahasiswa : "kalau mandi pake air apa bu?".
- Bu Sumani : "sumur, gak mentas banyu ngene (hahaha). Seng wong duit-duit akeh seng mampu iku ngene iku".
- Mahasiswa : "mboten angsal bantuan air bersih bu?".
- Bu Sumani : "mboten, seminggu entek 4 sampai 8".
- Mahasiswa : "wonten keluarga seng teng mriki bu?".
- Bu Sumani : "wonten, niku mek niki tok seh liyane pindah, iko yo kosong niki enten nggeh an, siji loro, bengi yo peteng adih pindah notokno anakku sekolah gak wani nyabrang. Pindah, maringono dibongkar. Gak anak ewange nok kene ijen".
- Mahasiswa : "bapaknya kerja apa bu?".
- Bu Sumani : "nguli, biyen iko nang pabrik, pabrik kene lumpur di Ketapang niku, sak onok e dadi nyambut gawene".
- Mahasiswa : "niku seng kerja teng mriku angsal sangu bu?".
- Bu Sumani : "oleh, oleh sangu biyen 5 juta mboh 6 juta".
- Mahasiswa : "mboten takut bu tinggal di deket lumpur bu?".
- Bu Sumani : "yo wedi lek anu jebol-jebol ngono wedi, cuma barang-barang wes diusungi kuabeh kari sak pengadek ngono karo lemari ngono ngono tok, mejo mejo kursi wes onok kono. Onok opo-opo kari mlayu tok, wes dipindah nang omah seng anyar".
- Mahasiswa : "mboten tau jebol tanggul mriki bu?".
- Bu Sumani : "tau, jebol dek kono iku buanjir moro dianu tanggule diuruk maneh diapiki maneh, pokok ambu ngono tok, mambu gak wenak".
- Mahasiswa : "adiknya umur beapa bu?".
- Bu Sumani : "belum 2 tahun, lapindo wes oleh 7 tahun, bulan 6 iki 2 tahun iki".

- Mahasiswa : ”kapan hari banjir itu sii juga kena bu?”.
- Bu Sumani : ”gak totok kene yo embon jero-jero tok iku”.
- Mahasiswa : ”pernah ada kayak himbauan dari pemerintah untuk pindah bu?”.
- Bu Sumani : ”gak tau”.
- Mahasiswa : ”mulai pertama tinggal di sini bu?”.
- Bu Sumani : ”he.em, gak nandi-nandi yo nok kene tok”.
- Mahasiswa : ”tiap hari ya begini bu?”.
- Bu Sumani : ”yo gene iku ben dino nok umah, nganggur gak onok ewange, sepi dibongkar pindah”.
- Mahasiswa : ”niki pun lami pindahe bu?”.
- Bu Sumani : ”oleh 1 tahun be.e, riyoyo wingenani sek onok kene riyoyo”.
- Mahasiswa : ”sedoyo pindah bu?”.
- Bu Sumani : ”pindah wes gak nok kene”.
- Mahasiswa : ”terose pak lurah ada program kayak tanah murah gitu bu?”.
- Bu Sumani : ”oh tanah gak tuku iku ah, iku sebelah iku. Kon ngengeni tok tupie lek onok opo-opo, mek bangunan tok ganti rugi bangunan . iku dek iki lor e kali baris ngadep ngulon kabeh iku”.
- Mahasiswa : ”mboten bayar tanahe bu?”.
- Bu Sumani : ”gak bayar, seng gelem ngadeki. Wakeh dek kono sak pengedul pean lek takon kono. Gak gawe kono gak onok ewange, gak worong gak diengeni gak onok seng ngengeni”.
- Mahasiswa : ”niku tiang mriki sedoyo bu?”.
- Bu Sumani : ”yo onok seng kono seng kene, paleng akeh 50 wes, gak tuku opek tanahe”.
- Mahasiswa : ”tanah nopo niku bu?”.
- Bu Sumani : ”tanah embong, tanah agrasi ngono iku embong tanahe deso, tanah deso diengeni tumik e ombohe 4,5 meter titik-titik diedum seng gelem jalok, diengeni oleh lek didol gak oleh gak melok duwe tanah yo diseneni wong lek didol”.

- Mahasiswa : "kalau terlanjur bangun terus di jual gimana bu?"
- Bu Sumani : "oleh bangunane tok, tanahe gak oleh mboh lek kenek lapindo maneh oleh paleng. Gak enek bangunen sak wayah-wayah lek digusur ya, gak melok duwe cuken-cuken, wes atok tanahe dewe tuku digawe bangun wes tenang, engkok lek sak wayah-wayah dicuken omahe titik olehe titik digawe bangun kono ntok gusuran wedi".
- Mahasiswa : "gak trauma adae lapindo bu?"
- Bu Sumani : "biasa gak wedi-wedi, gak ijen ae kok".
- Mahasiswa : "anaknya mboten takut bu?"
- Bu Sumani : "gak, biasa".
- Mahasiswa : "ada program dari pemerintah kayak ketrampilan buat korban lumpur gitu bu?"
- Bu Sumani : "gak onok, yo nganggur ngene iki gak onok ketrampilan. Biyen iko dikei uang boyong 500, uang kontak kon ngontrak 5 juta, tapi gak ngontrak omahku gak kene opo-opo, gawe mangan duite. Konkon ngontrak kon pindah karepe engkok lek ambu opo-opo, dikei duite 5 juta tapi gak kontak omah gak kene opo-opo babah duit 5 juta".
- Mahasiswa : "dikasih cuma-cuma gitu bu?"
- Bu Sumani : "he.em, kon pindah dikei duite 5 juta tapie aku gak pindah lapo pindah gak onok opo-opo ae, yo pokok sak kk iku wes, sedeng omahe dadi seh be.e duite wes cair ngono seh ngenggeni omah, digawe ganti lek bangun kon pindah wes, lek sak wayah-wayah onok jebolan tapi kan gak onok opo-opo yo dienggeni ae terus".
- Mahasiswa : "sedoyo seg masuk peta niku bu?"
- Bu Sumani : "waget iki tok iku papingan iku loh, 5 RT seng kene ".
- Mahasiswa : "niki RT pinten bu?"
- Bu Sumani : "RT 3, dusun risen glagaharum".
- Mahasiswa : "mboten enten kegiatan warga kayak jaga tanggul gitu bu?"

- Bu Sumani : ”yawes kono lapindone iku seng jogo mboh wong endi ae gak ero (hahaha), pegawe kono seng jogo”.
- Mahasiswa : ”warga sini gak mbooten enten bu?”.
- Bu Sumani : ”mbooten enten, kari omah iku tok seng akeh dikidul kono. Pean asli pundi?”.
- Mahasiswa : ”gununggangsi bu, kuliahnya di jember”.
- Bu Sumani : ”adohe nang jember”.
- Mahasiswa : ”enggeh rejekinya teng mriko bu”.
- Bu Sumani : ”akeh wong lapindo tuku gununggangsir ya”.
- Mahasiswa : ”enggeh, enten tiang pendatang teng mriki bu? Yang dulu kena lapindo terus indah ke sini”.
- Bu Sumani : ”oh wong reno, onok omahe buri, buri iko. Pendatang reno terus kontrak dek kono”.
- Mahasiswa : ”kalau hujan gimana bu?”.
- Bu Sumani : ”wingi udan dueres ngono, dek kene buanjir”.
- Mahasiswa : ”mbooten takut bu?”.
- Bu Sumani : ”gak, lek onok opo-opo kari mbelayu tok. Mek kari lemari kulkas ae kari melayu ngono ae, dipan-dipan tak dekek kono. Wong gak onok opo-opo ae, melayu wong tok, baju-baju gowok titik dekek kono kabeh. Minggu diparani merono”.
- Mahasiswa : ”sampun dadi bu?”.
- Bu Sumani : ”sampun, gak dienggeni jarne ae disek. Anakku sekolah gak wani nyabrang, gak wani nyabrang bu, kan kulone embong seh lek lulus ae mosok sampek jange gak wani ae”.
- Mahasiswa : ”katah bu seng pindah teng mriko”.
- Bu Sumani : ”katah, tonggo-tonggo tiang 15 be.e ya tonggo-tonggo liyane tiang Dumboto nggeh lapindo nggeh an”.
- Mahasiswa : ”lapindo seng mados aken bu?”.

Bu Sumani : ”mboten, yo tiang lapindo kabeh campuran ngoten. Melampa-melapa seh ngolek tanah (hahaha) tanglet-tenglet, teng mriki enten kaplingan ta, enten mriku ngoten, moro didelok cocok tumbas”.

Mahasiswa : ”tumbase bareng ta nyoknopo bu?”.

Bu Sumani : ”gak bareng, jaman biyen mek piro 20 juta sak kapling, genaku iku 13 musuh 15 20. Ombohe 13 dowone 15 20 juta, dadi omah dadi guide entek boto 25 ribu areh moro watue 10 truk be.e dadi guide, iku cuilik dadi guide jaman buiyen”.

Mahasiswa : ”tasek murah nggeh bu”.

Bu Sumani : ”he.em murah, lek bangun saiki gak sampak duite sak mono, olehe 150 iloh. Saiki sak metere 400”.

Mahasiswa : ”biasanya alasan warga seng mboten pindah niki apa biasanya bu?”.

Bu Sumani : ”gak anu alasane, yo pindah dewe. Gak anak seng nakoni ngono-ngono, lapindo gak mau tau dienggen opo gak, mek dikei peringatan ngono tok loh. Mari dibayar yowes, pokok dibayar jange lek diperlukno tanahe yo konkon nyengkre ngono tok paleng, mboh gak dikei peringatan-peringatan iku, dikei duit tok dibayar, gak onok kelanjutane. Wes dilunas wes dibayar, gak melok duwe omah iki wes, gak dikei batas waktu. Pindah dewe wong-wong akeh seng wes dadi, eman omahe anyar engkok rusak gak dienggeni yo ngono tok. Iki sakjane lek nok kene gak dienggono lek onk kene terus yo gak opo-opo be.e paleng ngono, dibayar ngono tok wes. Yo wong-wong pindah dewe rumongso gak melok duwe”.

Mahasiswa : ”kalau yang gak punya rumah niku biasae nopo o bu?”.

Bu Sumani : ”mboh yo, yo kadang lapindo oleh dp akeh. Onok seng gawe wedok nak Tretes, polahe gak duwe umah onok sakno. Wong lanang mbetik nyekel duit akeh nang Tretes ddirok senok ya. Onok ancene gak duwe umah, akeh seng ga duwe umah ancene yo gawe wong lanangan ancene, teko wonge ancene. Aku nyekel duit tak ati-ati gak tak gawe,

tak dadino omah maneh, akeh seng gak duwe omah. Oleh dp 250 300 juta onok seng gak duwe omah yo onok ancene kontrak-kontrak tok ngalah-ngalah onok. Iki oleh 500 wak kaji tapie omah gede rupo gude tanahe tok 240 durung kono Krembung duwowo 60 mboh piro guede omahe wonge oleh 500 punjul wonge, omboh seh tanahe”.

Mahasiswa : ”kalau sawah niku bu?”.

Bu Sumani : ”gak ero, aku gak duwe sawah (hahaha) duwe omah iki tok. Seng duwe sawah yo olh yoan akeh paleng dek wetan sawah-sawah oleh akh wong gogol, mboh oan gak ero aku lek di sawah iku. Seng gak duwe omah sakno keliru dalane, duite dientek-entekno gak keroso. Kaitan pertama iko dicicil 15 sak wulan, aku tak printno tok dek bank, ketok metu wes gak tak jupuk, nyambut gawe dipangan, moro metu maneh tak printno. Wo cair-cair tak rintno dek BRI moro ngelompok akeh tak tukokno tanah mesisan tak gawe bangun. Tak anggep gak uwe duit wes, wong-wong dijupuk del gawe tuku sepeda montor opo ae yo gawe tuku montor, gak duwe omah gak mikir ngono. Sek buri sek akeh gak keroso ya seng buri sek akeh gak keroso entek moro wes, gak duwe omah ngontrak, onok ancen akeh. Tonggoe pean takoni onok kadang ya, lah yo gak keroso keliru seng nyekel ae. Wong jeneng duit digaw tuku iki tuku iki”.

Mahasiswa : ”gak ada yang stress gitu bu?”.

Bu Sumani : ”gak onok, mboh wong endi kan akeh seng kene lapindo, jatirejo sengon balukenongo. Onok sng stres wong jatirejo yo mboh duite entek mboh yok opo ya, pak sutik stres wonge, biyen iku gagah jare wong-wong iku saiki stres kene lapindo, duite entek ngono iku be.e stres kepikiran stres. Dek kene gak onok masi duite entek gak stres. Kbeh wes duwe omah masio warung iku duwe omah”.

Mahasiswa : ”nku nopo.o mboten pindah teng griyane seng anyar bu?”.

Bu Sumani : ”dodol iku ope sek akeh wong sek laris enak lek sepi wong pindah wonge, wes dadi omahe apik omahe yoan teng cabean, seng iko tuku dek japanan seng dasteran iku, yo mencar-mencar”.



*Narasumber : 1. Pak Kusmiyanto (Kepala Desa Glagaharum)
2. Paak Tosim (Sekretaris Desa)*

Mahasiswa : “sampun setunggal sasi teng mriki pun teng warga-warga pun wawancara alasan kok mboten pindah terus permasalahann teng mriko nopo mawon”.

Pak Kusmiyanto: “sak jane warga mboten purun pindah abot ninggalno tempat kelahiran kan ngoten, abot ninggalno tanah kelahiran. Ha sekarang kita dari lahir di desa sini terus besar nempati desa lain gimana rasanyya, kurang bebas lah jadi ndak kerasan, intine yo iku”.

Mahasiswa : “ada program khusus buat korban lumpur pak?”.

Pak Kusmiyanto: “program nopo nggeh mboten enten, korban lumpur yo sampun dibayar nggeh pindah ngoten”.

Mahasiswa : “kalau yang belum punya rumah kenapa biasanya pak?”.

Pak Kusmiyanto: “yang belum punya rumah saya fasilitaskan sementara ada tanah desa yang gak difungsikan sama desa, erus tanah itu kita bagi kapling-kapling buat warga yang ndak punya rumah dan dapetnya lapindo dikit ya yang dipinggir sungai itu saya memfasilitasi warga yang gak mampu”.

Pak Tosim : “perjuangannya pak lurah itu”.

Pak Kusmiyanto: “dari pada tanah itu gak difungsikan sama desa kita fungsikan sama warga yang gak punya rumah. Jadi warga yang kena lumpur yang pindah-pindah seng gak mampu kulo fasilitasi kulo usahakan lah niku enten tanah kosong tanah desa pinggir kali, terus kulo bagi-bagi per kapling, lah saiki Alhamdulillah ternyata warga kulo umume tok oleh ganti ugi lapindo, ternyata duite wis entek. Masalaha dijanji-janjeni 9 tahun ya sama lapindo itu akhirnya ganti rugi lapindo ganti rugi dari lapindo itu cuman nama tok tapi yang nerima duit bukan orangnya,

maksudnya oangnya udah pinjem pinjem pinjem buat kesehari-harian”.

Mahasiswa : “ada syarat khusus pak buat nmpati tanah yang sudah disediakan?”.

Pak Kusmiyanto: “syarat-syarat ya itu aja kalau ada apa-apa seumpama kena lapindo lagi tanah gak dapet ganti rugi lah kan dapaet ganti rugi bangunan, jadi syarat-syarat gak ada lagi jadi warga saya cuma, saya pinjem lah saya pinjem terus masih beelum kita bikinkan surat keputusan sama kita uruskan pajak ha nanti kalau ada apa-apa kalau dia punya surat pajak kan kuat gitu, jadi gak ada syaratnya pokoknya syaratnya warga yang gak mampu dan warga yang gak punya rumah itu, karena warga saya yang kena lumpur itu banyak yang nyewa. Masalahnya tanahnya kecil luasnya rumahnya bangunannya kecil, dibagi anak-anaknya gak cukup buat rumah akhirnya dia ngontrak, terus ngontrak mata pencahariannya gak ada, akhirnya lama-lama diusir sama yang punya kontrakan. Terus saya kasihan, saya mau pilihan lurah saya janjiin, kalau sampean dukung saya saya sukses nanti saya cariin lahan buat rumah, Alhamdulillah terkabul”.

Mahasiswa : “tiap rumah dapet berapa meter pak?”.

Pak Kusmiyanto: “4 3,5 berapa luase bangunan rik?”.

Pak Tosim : “4 meter panjang 11 pak”.

Pak Kusmiyanto: “burine?”.

Pak Tosim : “enggeh, 4 panjang 11”.

Mahasiswa : “sebelum ada lapindo, mata pencaharian warga apa biasanya pak?”.

Pak Kusmiyanto: “ya itu sawah”.

Pak Tosim : “pertanian”.

Pak Kusmiyanto: “sawah pertanian, sekarang sawah kena itu akhirnya gak ada udah”.

Pak Tosim : “iya ada yang buruh”.

Pak Kusmiyanto: “udah seadanya akhirnya, biasanya kesehari-harian bercocok tanam padi itu tani, tani sekarang di sini udah silang merah berapa kilo 2 km,

radius 2 km lapindo itu udah silang merah. Tambak juga banyak yang mati”.

Mahasiswa : “ada pendatang korban di desa lain ke sini gitu pak?”.

Pak Kusmiyanto: “gak ada, malah tinggal di mana di sini. Warga saya kena 5 RT itu 5 RT semburat ada yang di Cabean ada yang di Patuk, banyak yang semburat juga, kalau di Cabean berapa rumah 32 lebih”.

Pak Tosim : “lebih pak, wes semuanya itu sekitar 400 KK”.

Pak Kusmiyanto: “semua itu RT 1 sampai RT 5, kalau di Cabean sekitar 50 KK lah, yang di Patuk 26 KK”.

Mahasiswa : “pernah ada konflik pak?”.

Pak Kusmiyanto: “ya Alhamdulillah warga saya ini ya desa kan ada kepala desanya tapi alamulillah warga kita arahkan ya diterima lah, semacam demo-demo gak ada lah warga saya gak ikut lah, percuma demo-demo itu gak menyelesaikan masalah”.

Pak Tosim : “dulu sebelum pak lurah jabat ya banyak, perang antar desa, unjuk rasa”.

Pak Kusmiyanto: “ha antar desa perang”.

Pak Tosim : “kepemimpinan pak Kusmiyanto dianjurkan gak usah demo-demo hanya nol percuma wes rugi waktu uang seng apa, saya sendiri saja yang pendekatan dengan BPLS akhirnya pak lurah sendiri pendekatan”.

Pak Kusmiyanto: “Alhamdulillah lancar”.

Mahasiswa : “tahun berapa pak kalau boleh tahu?”.

Pak Tosim : “lapindo itu 2006, konflik itu sekitar ya hampir 2008, 2009, 2012, dijanjeni gak cair dulu itu hampir setiap tahun unjuk rasa”.

Pak Kusmiyanto: “sampai ada korban mati kok berantem sama desa itu”.

Mahasiswa : “permasalahannya apa pak?”.

Pak Tosim : “minta dibayar”.

Pak Kusmiyanto: “minta dibayar, desa sana minta di tanggul minta di anu di ini gak terima akhirnya tawur”.

Pak Tosim : “ini Besuk desa Reno sini Glaga, karepe Besuk ini anu ae dibendung cek moro nang Glaga, ya itu konfliknya”.

Pak Kusmiyanto: “terus adanya saya ini, ya Alhamdulillah warga terkendali, sampean-sampean milih saya gunanya saya ini buat apa kan gitu, sampean-sampean ikut demo bukan menyelesaikan masalah malah mempersulit menuntut haknya”.

Pak Tosim : “kepemimpinan pak Kusmiyanto pembayarannya macet, akhirnya pak Kusmiyanto pendekatan dengan kepala yang di atas gak usah unjuk rasa, kelar”.

Mahasiswa : “pendekaannya gimana pak?”.

Pak Kusmiyanto: “langsung sama pimpinan langsung, lah seumpama ular iku langsung kepalanya kalau ekornya kan nyebet-nyebet tok, ya alhamdlillah adanya saya orang BPLS kepalanya itu sama wakil kepalanya, kalau dulu berkas yang nyari uang sekarang uang yang nyari berkas, udah segera kita kerjakan berkasnya, lancar”.

Pak Tosim : “dulu juga ada di layar backgroundnya itu ada LSM, manggon di sini LSM di usir sama pak lurah”.

Pak Kusmiyanto: “gak usah, pak Bupati aja gak berani ngusir, saya usir”.

Mahasiswa : “LSM apa itu pak?”.

Pak Kusmiyanto: “KLM korban lumpur menggugat, padahal dia gak kena lumpur orang pendatang tinggal di sini 2 tahun gak punya KTP sini, saya usir saya punya hak masalah ini desa saya. KLM kan macem uler ya semacem LSM, padahal dia gak kena wong rumahnya di Jogja orang Jogja, terus keluar di tv habis saya usir bela warga yang digusur sama Ahok itu, oh diculik koen nok Jakarta macem-macem (hahaha) nok Jakarta ojek macem-macem koen kejem nok ibu kota iku, masalahnya

saya hidup di Jakarta itu 28 tahun di mariner saya dines di Cilandak Jakarta Selatan 28 tahun dari tahun 85, terus 2014 nyalonin”.

Mahasiswa : “bapak asli warga sini?”.

Pak Kusmiyanto: “asli warga sini, kebetulan 85 penempatan angkatan laut itu penempatan langsung Jakarta”.

Mahasiswa : “kalau masalah air di sini bagaimana pak?”.

Pak Kusmiyanto: “ya alhamdulillah diperhatikan sama PDAM tandon-tandon itu di isi tiap kalau habis hubungi dikirim, kan ada tandon-tandon itu di isi di perhatikan”.

Mahasiswa : “itu iuran warga atau murni dikasih pak?”.

Pak Kusmiyanto: “murni dikasih, dikasih gak ada uang-uang anu itu gak ada, kalau PDAM sibuk gitu saya hubungin BPLS, BPLS kirim air ke desa ini gitu, gak ada uang-uang gak ada”.

Mahasiswa : “itu gak ada batasan waktu dari lapindo tinggal di rumah itu pak?”.

Pak Kusmiyanto: “itu kan bukan milik warga lagi teempat tinggal, maksudnya kan udah lunas dibayar semua tapi kita masih kasihan. Seumpama kita koordinasi sama BPLS ya segera malah seneng BPLS kasihan warga, pokok itu tergantung desa”.

Pak Tosim : “keputusan di desa itu”.

Pak Kusmiyanto: “seumpama gak dibutuhkan kalau desa koordinasi sama BPLS kosongkan udah wes bikini surat warga saya RT 1 sampai RT 5 kosongkan, langsung seneng BPLS tapi sayya kasihan”.

Mahasiswa : “apa masih belum ada yang punya rumah pak?”.

Pak Kusmiyanto: “ya satu rumah belum jadi kan baru ae pembayarane”.

Pak Tosim : “kadang masih seneng tinggal dek kene”.

Pak Kusmiyanto: “makanya saya bilang di awal tadi, ninggalkan tempat kelahiran itu abot, banyak faktor juga ada yang mikir anaknya sekolah itu terutama. Warga aja yang udah pindah jauh-jauh itu kadang-kadang nengok rumahnya yang udah dibongkar itu nangis”.